

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa dilahirkeun ka dunya salaku mahluk sosial, anu kudu campur gaul jeung manusa lian nu aya di sabudeureunana. Ti mimiti kahirupanana, sabenerna manusa geus campur gaul sacara sosial jeung kulawarga deukeutna, sanajan ngan dina wangun nu masih kénéh saarah nya éta kolot nyarita, sedengkeun orok ngan ngadéngékeun. Dina kamekaran kahirupanana, manusa geus mimiti meunangkeun basa saeutik-saeutik. Dina waktu nu sarua ogé, manusa geus dibawa kana kahirupan sosial dimana aya rambu-rambu dina tiap paripolah kahirupanana. Ieu rambu-rambu diperlukeun pisan sabab sanajan manusa dilahirkeun bebas, tetep wé manéhna kudu hirup kumbuh di masarakat. Ieu hartina yén manéhna kudu ngawasa kana norma-norma sosial budaya nu lumaku di masarakat. Sabagéan tina norma-norma ieu geus aya dina digunakeunana basa, sahingga kompetensi budak teu ngan kawatesanan kana naon nu dingaranan pamakéan basa (*language usage*) tapi ogé dina ngagunakeun basa (*language use*).

Dina kamekaranana basa téh dipaké ku manusa pikeun alat komunikasi atawa patali marga diantara anggota masarakatna. Sabenerna sadar teu sadar, nalika komunikasi jeung papada manusa téh teu lepas tina ngagunakeun kekecapan nu kaasup kana kekecapan déiksis.

Ari deiksis téh mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa nu gunana pikeun ngukur gejala semantis nu aya dina kecap atawa kontruksi kecap nu ngan bisa ditafsirkeun acuanana ku cara ngitung-ngitung situsi omongan. Deiksis nu sering dipaké dina komunikasi sapopoé nya éta deiksis persona, deiksis temporal, jeung deiksis lokatif. Deiksis persona téh sacara teoritis mangrupa deiksis anu gunana pikeun nuduhkeun kecap gaganti jalma. Contona kecap abdi, aing, déwék, kuring, kula, urang, saréréa, anjeun, manéh, salira, silaing, ilaing, aranjeun, anjeunna, manéhna, mantenna, aranjeunna, jrrd. Deiksis temporal nya éta deiksis anu gunana pikeun nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian. Contona kecap heuleutna, mangkukna, kamari, ayeuna, isukan, pagéto, baréto, baheula, tadi, kamari, ayeuna, engké, jaga, miggu, bulan, taun, beurang, peuting, isuk-isuk, pabeubeurang, pasosoré, jsté. Sedengkeun deiksis lokatif mangrupa deiksis anu dipaké pikeun nuduhkeun pernahna hiji hal atawa barang, boh deukeut, rada deukeut, atawa jauh. Contona kecap dieu, dinya, ditu, gigireun, tukangeun, hareupeun, luhureun, handapeun, jsté.

Ku sabab kitu, maham kana kekecapan deiksis téh penting pisan. Salian ti kekecapan deiksis téh sok digunakeun dina waktu komunikasi sapopoé, ogé tina maham kana deiksis ieu, urang bisa paham kana kecap-kecap mana waé anu luyu jeung konteks situasi komunikasi dina nepikeun informasi ka pamiarsa. Di sagédéngéun éta, dina pangajaran di sakola-sakola kekecapan deiksis téh pasti sering muncul tur sering dipaké, boh nalika nepikeun pangalaman, pidato, béwara, diskusi, ngawawancara tokoh, nulis laporan kagiatan, dina paguneman, jrrd.

Salian ti nalika komunikasi sapopoé jeung dina pangajaran di sakola-sakola, kekecapan deiksis téh bisa ogé ditilik dina wacana lisan atawa wacana tinulis. Dina wacana lisan mah, deiksis-deiksis ieu téh digunakeunana nalika papada jalma keur gunem catur, sedengkeun dina wacana tinulis mah biasana digunakeun dina karya sastra ogé dina Al-Quran.

Dina Al-Qur'an, utamana dina Q.S Al-Baqarah aya salah sahiji ayat nu nerangkeun ngeunaan tabé'at manusa dianugrahan basa ku nu Kawasa. Hal ieu téh saluyu jeung hasil panalungtikan antropologi nu geus ngabuktikeun yén sajarah mimitina aya basa téh yén Tuhan geus ngajarkeun ka Nabi Adam ngaran-ngaran sakumaha anu katulis dina kitab kajadianana. Hal ieu pisan anu kamaktub dina Q.S Al-Baqarah ayat 31. Ku sabab kitu, nu jadi fokus kajian dina ieu panalungtikan téh nya éta analisis deiksis dina Al-Qur'an khususna dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah.

Salian ti éta, urang salaku masarakat Sunda geus sakuduna sukuran kana ayana Al-Qur'an dina tarjamahan Basa Sunda ieu. Sabab, ku ayana Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda ieu, urang salaku urang Sunda nu teu bisa tur teu apal kana basa Arab, bisa ngarti kana maksud-maksud nu kamaktub dina Al-Qur'an tur bisa nyaangan pamahaman urang kana eusi Kalam Illahi éta.

Hal nu jadi dadasarna mah yén basa nu digunakeun dina wahyu Illahi nya éta Al-Qur'an, tangtuna réa ku amanat tur maksud nu nyamuni nu kamaktub dina konteks digunakeunana éta basa. Kitu deui dina pamakéan kekecapan deiksis, tangtu bakal kamaktub maksud nu rupa-rupa dumasar kana konteks larapanana, jeung bisa jadi kekecapan deiksis nu digunakeunana téh aya nu anyar nu can

kapanggih, ogé dina larapna kekecapan deiksis éta teu saluyu jeung konteks nu sabenerna.

Tina hasil observasi maca tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah, aya sababaraha kecap deiksis anu larapna teu luyu jeung konteks larap aslina. Komo dina larapna kekecapan nu kaasup kana deiksis persona. Contona: kecap Anjeunna, kami, mantenna, jrrd. Kecap-kecap ieu bisa digunakeun pikeun nuduhkeun lain ka jalma wungkul, tapi kecap-kecap éta bisa digunakeun ogé pikeun nuduhkeun ka Gusti tur bisa ogé digunekun pikeun nuduhkeun ka mahluk goib liana, saperti ka malaikat, syetan, jeung iblis. Ku sabab kitu, simkuring asa kataji pikeun nalungtik kekecapan nu kaasup kana deiksis dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah.

Salian ti kajian deiksis dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda mah tacan aya nu maluruh, dina jihat paélmuhan hususna dina widang linguistik ogé can pati loba ahli anu nalungtik ngeunaan unsur pragmatik hususna ngeunaan deiksis mah. Pedaran ngeunaan unsur deiksis ngan kapanggih dina buku “*Deiksis dalam bahasa Indonesia*” (Purwo,1984), “*Pengajaran Wacana*” (Tarigan,1993). Pon kitu deui dina basa Sunda, pedaran ngeunaan deiksis nu kapanggih ngan ukur dina “*Ulikan Wacana Basa Sunda*” (Sudaryat,1997:11), “*Pragmatik dalam Bahasa Sunda*” (Sudaryat,2009), “*Pedaran Basa Sunda*” (Sudaryat,1997). Najan aya ogé skripsi nu ngulik ngeunaa deiksis, tapi umumna maluruh dina karya sastra. Contona dina skripsi nu judulna “Deiksis dina Novel Kalajengking Karya Ana Mustikaati” (Elin Nangsih,1998), “Deiksis dina Kumpulan Carita Pondok Jurig Paséa jeung Nyi Karsih Karangan Tini Kartini” (Riana N.S, 2005), “Deiksis

Eksoforis dina Novel Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian pikeun Bahan Pangajaran di SMA” (Rani Intani, 2010), jeung “Deiksis Sosial dina Novel Payung Butut Karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran di SMP Kelas IX” (Ita Purnamasari, 2010). Tur kalolobaanana skripsi nu geus aya mah maluruh deiksis téh sacara umum, boh nilik kana antesedenna, tipena, boh kana acuanana. Nu ngulik sacara jero mah langka.

Di sagédéngéun éta, panalungtikan ieu miboga sababaraha kaonjoyan. Aya ogé kaonjoyan dina panalungtikan ieu nya éta sumber data utamana Al-Qur’an tarjamahan basa Sunda, anu jadi sumber utama pedoman kahirupan manusa, ogé jadi salah sahiji bacaan nu wajib dibaca ku sakumna umat muslim. Dimana urang geus papada nyaho yén macana wungkul urang geus dipaparin sapuluh kahadéan tina tiap hurufna, komo deui saumpama urang nalungtik eusi tur maksud dina tiap ayatna. Ku kituna, diperlukeun ogé maluruh kana tafsir Al-Qur’an Surat Al-Baqarah pikeun ngantebkeun maksud nu nyamuni dina tiap konteks larapna kekecapanana.

Tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa nambahan cakrawala paélmuan ngeunaan kekecapan nu kaasup kana deiksis tur bisa nambahan pangaweruh kana konteks larapna dipakéna kekecapan deiksis ieu. Nu engkéna bisa dipaké pikeun ambahan bahan pangajaran di SMA/MA hususna dina bahasan tambahan dina kompetensi dasar boh nalika nyaritakeun pangalaman, pidato, diskusi, béwara, mimpin acara rapat, ngawawancara tokoh, maén peran, paguneman, jrrd. Anu dina tiap kompetensi dasar éta tangtuna waé merlukeun ayana bahasan tambahan ngeunaan kecap gaganti, boh kecap gaganti jalma, tempat, atawa waktu.

Nilik kana hal-hal di luhur, ku kituna panalungtikan anu dijudulan “Deiksis dina Tarjamahan Basa Sunda Q.S Al-Baqarah Pikeun Bahan Pangajaran Di SMA/MA” perlu pisan dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan kawatesanan ku sababaraha masalah nu baris dibahas, nya éta:

- 1) Ngeunaan kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif;
- 2) Ngeunaan konteks larapna kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif;;
- 3) Ngeunaan ma'na atawa kandungan tina tiap larapna kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif;
- 4) Ngeunaan distribusi tina tiap larapna kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif;
- 5) Ngeunaan pamakéan deiksis dina bahan pangajaran basa Sunda di SMA/MA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan henteu salah harti tur gampang dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya anu péréléanana saperti di handap ieu:

- 1) Kecap naon waé nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah?
- 2) Kana konteks naon waé dilarapkeunana kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah?

- 3) Naon ma'na atawa kandungan kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah?
- 4) Kumaha distribusi kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah?
- 5) Naha luyu atawa henteu lamun deiksis persona, temporal, jeung Lokatif dijadikeun bahan pangajaran di SMA/MA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun. Aya ogé tujuan tina ieu panalungtikan diantarana nya éta:

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nalungtik kekecapan nu kaasup kana kecap deiksis persona, temporal, jeung lokatif.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga sababaraha tujuan, nya éta:

- 1) Pikeun nalungtik kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah;
- 2) Pikeun ngadéskripsikeun konteks larapna kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah;

- 3) Pikeun nganalisis ma'na kecap dina unggal kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah;
- 4) Pikeun nganalisis distribusi pamakéan kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina tarjamahan basa Sunda Q.S Al-Baqarah; jeung
- 5) Pikeun nalungtik pamakéan deiksis dina bahan pangajaran basa Sunda di SMA/MA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan cakrawala paélmu ngeunaan kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif tur bisa nambahan pangaweruh kana konteks, jeung ma'na dipakéna kecap deiksis persona, temporal, jeung lokatif éta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis hasil tina ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, diantarana nya éta:

- 1) Bisa dipaké ku para guru pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMA/MA hususna dina bahasan tambahan dina kompetensi dasar boh nalika nyaritakeun pangalaman, pidato, diskusi, béwara, mimpin acara rapat, ngawawancara tokoh, maén peran, paguneman, jrrd. Anu dina tiap kompetensi dasar éta tangtuna waé merlukeun ayana bahasan tambahan ngeunaan kecap gaganti, boh kecap gaganti jalma, tempat, atawa waktu.
- 2) Jadi dokumen pikeun ulikan basa Sunda satuluyna; jeung
- 3) Pangeuyeub-ngeuyeub kana sumber data basa Sunda.

1.5 Wangenan Istilah

Supaya ieu panalungtikan bisa gampang dipikaharti, perlu diécéskeun sababaraha istilah nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Éta istilah diantarana, nya éta:

- 1) Deiksis hartina ‘hal nuduhkeun langsung’ (John Lyons, 1995: 270);
- 2) Deiksis nya éta unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa (Sudaryat, 2003: 11);
- 3) Deiksis mangrupa gejala semantis nu aya dina kecap atawa kontruksi kecap nu ngan bisa ditafsirkeun acuanana ku cara ngitung-ngitung situsi omongan (Hasan Alwi, 2003);
- 4) Deiksis dumasar prototipena mangrupa digunakeunana pronominal demonstratife, pronomina I dan II, waktu, temporal husus jeung lokasi nu kaasup kana ciri-ciri gramatikal nu kaiket sacara langsung dina situasi tuturan (Fatimah Djajasudarma, 2006 : 57);
- 5) Deiksis persona téh mangrupa deiksis anu gunana pikeun nuduhkeun kecap gaganti jalma, contona kecap: abdi, aing, déwék, kuring, kula, urang, saréréa, anjeun, manéh, salira, silaing, ilaing, aranjeun, anjeunna, manéhna, mantenna, aranjeunna, jrrd;
- 6) Deiksis temporal nya éta deiksis anu nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian. Anu kaasup kana kecap deiksis temporal, nya éta: heuleutna, mangkukna, kamari, ayeuna, isukan, pagéto, baréto, baheula, tadi, kamari, ayeuna, engké, jaga, miggsu, bulan, taun, beurang, peuting, isuk-isuk, pabeubeurang, jeung pasosoré;

- 7) Deiksis lokatif mangrupa deiksis anu dipaké pikeun nuduhkeun pernahna hiji hal atawa barang, boh deukeut, rada deukeut, atawa jauh. Deiksis lokatif dina basa Sunda di antarana baé, nya éta: dieu, dinya, ditu, gigireun, tukangeun, hareupeun, luhureun, handapeun, jsté.
- 8) Tarjamah nya éta hasil tina narjamahkeun atawa mindahkeun ma'na tina sagemblengan unit linguistik tina hiji basa kana basa séjénna (Newmark, 1991:27).
- 9) Al-Qur'an sacara kabasaan hartina bacaan;
- 10) Al-Qur'an numutkeun istilah hartina kitab suci nu diturunkeun ku Allah S.W.T anu diturunkeun ka Nabi Muhammad S.A.W ngaliwatan malaikat Jibril dina kurun waktu 22 taun 2 bulan 22 poé, salaku pedoman sarta pituduh pikeun sakabéh umat manusa di sakabéh mangsa, basa, jeung lokasi;
- 11) Al-Qur'an tarjamah basa Sunda nya éta Al-Qur'an anu ditarjamahkeun tina basa Arab kana basa Sunda.
- 12) Bahan pangajaran nya éta salah sahiji komponen tina sistim pangajaran anu salawasna silih deudeul jeung silih lengkepan antara komponén nu hiji jeung komponén lianna.

1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Deiksis persona, temporal, jeung lokatif mangrupa ulikan bagbagan kecap dina basa Sunda nu mangrupa bagéan tina kapragmatisan wacana;
- 2) Deiksis persona, temporal, jeung lokatif bisa kapanggih boh dina wacana lisan boh dina wacana tulisan;

- 3) Deiksis persona lumrahna dieusian ku kecap gaganti jalma;
- 4) Deiksis temporal lumrahna dieusian ku kecap panduh waktu;
- 5) Deiksis lokatif dieusian ku kecap panuduh tempat;
- 6) Tiap kekecapan deiksis, boh nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif bisa dilarapkeun dina konteks situasi nu béda-béda;
- 7) Deiksis persona, deiksis temporal, jeung deiksis lokatif miboga ma'na nu tangtu;
- 8) Dina Al-Qur'an tarjamahan Basa Sunda Surat Al-Baqarah kapanggih deiksis persona, temporal, jeung lokatif anu bisa dianalisis adeganana jeung bisa dipaké bahan pangajaran.

1.7 Raraga Tulisan

Pikeun ngagampangkeun panulisan dina ieu panalungtikan, jadi disusun raraga tulisanna, nya éta:

Bab I mangrupa Bab bubuka anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan jeung watesan masalah, tujuan, manfaat, wangenan istilah, anggapan dasar, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa Bab eusi pedaran tina kajian pustaka ngeunaan deiksis dina wacana tarjamahan Al-Qur'an basa Sunda Surat Al-Baqarah. Eusina ngawengku wangenan deiksis, ngeunaan deiksis persona, temporal, jeung lokatif nu dijerona dikaji ngeunaan konteks, ma'na, jeung distribusi larapanana, ngeunaan wacana, ngeunaan tarjamahan, Al-Quran, jeung kaistiméwaan surat Al-Baqarah, nu pamungkasna ngeunaan bahan pangajaran.

Bab III eusina ngeunaan métodologi panalungtikan, nu di jerona ngawengku desain panalungtikan, wangenan operasional, sumber data, metode jeung tehnik panalungtikan, tur instrument panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan hasil analisis data, nu ngawengku deskripsi hasil panalungtikan jeung hasil analisis data.

Bab V eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun panalungtikan nu bakal datang.

